# 5E MODELI TIYKARÍNDA SÚWRETLEW ÓNERI SABAQLARÍN SHÓLKEMLESTIRIWDIŃ PEDAGOGIKALÍQ TIYKARLARÍ

**Smaylova Gulmari Yuldashovna** – *docent*
gulmari_yuldashevna@mail.ru
*Qaraqalpaqstan Respublikası Pedagogikalıq sheberlik orayı*

# ПЕДАГОГИЧЕСКИЕ ОСНОВЫ ОРГАНИЗАЦИИ УРОКОВ ИЗОБРАЗИТЕЛЬНОГО ИСКУССТВА НА ОСНОВЕ МОДЕЛИ 5E

**Смайлова Гулмари Юлдашовна** – *доцент*
*Центра педагогического мастерства*
*Республики Каракалпакстан*

# PEDAGOGICAL FOUNDATIONS OF ORGANIZING VISUAL ARTS LESSONS BASED ON THE 5E MODEL

**Smaylova Gulmari Yuldashovna** – *docent*
*of the Center for Pedagogical*
*Mastery of the Republic of Karakalpakstan*

**Tayanch so'zlar:** 5E modeli, tasviriy san'at, pedagogik asoslar, ijodiy faoliyat, o'quvchi faolligi, estetik tarbiya, konstruktivistik yondashuv, dars jarayoni, ijodkorlik, metodika

**Rezyume**. Ushbu maqolada tasviriy faoliyatni tashkil etishda 5E modeli (Engage, Explore, Explain, Elaborate, Evaluate)ning pedagogik asoslari yoritilgan. Tasviriy san'at darslarida mazkur modelning bosqichma-bosqich qo'llanilishi o'quvchilarning bilimlarni amaliy faoliyat orqali egallashiga imkon yaratishi asoslab berilgan.

**Ключевые слова:** модель 5E, изобразительное искусство, педагогические основы, творческая деятельность, активность учащихся, эстетическое воспитание, конструктивистский подход, учебный процесс, креативность, методика.

**Резюме.** В данной статье освещаются педагогические основы модели 5E (Engage, Explore, Explain, Elaborate, Evaluate) в организации изобразительной деятельности. Обосновано, что поэтапное применение данной модели на уроках изобразительного искусства позволяет учащимся усваивать знания через практическую деятельность.

**Key words:** 5E model, visual arts, pedagogical foundations, creative activity, student engagement, aesthetic education, constructivist approach, learning process, creativity, methodology.

**Summary.** This article highlights the pedagogical foundations of the 5E model (Engage, Explore, Explain, Elaborate, Evaluate) in organizing visual arts activities. It is substantiated that the step-by-step application of this model in visual arts lessons enables students to acquire knowledge through practical activity.

**KIRISIW.** Zamanagóy tálim sistemasında oqıwshılardıń belsendiligi, erkin pikirlewi hám dóretiwshilik qábiletin rawajlandırıw eń áhmiyetli pedagogikalıq wazıypalardan biri esaplanadı. Sebebi búgingi globallasıw sharayatında tek ǵana tayar bilimlerdi ózlestiriw emes, al olardı ámeliyatta qollanıw, jańasha qatnaslar jaratıw hám mashqalalı jaǵdaylarda erkin qarar qabıl etiw kónlikpeleri úlken áhmiyetke iye. Sol sebepli bilimlendiriw procesinde innovaciyalıq pedagogikalıq texnologiyalardı qollanıw zárúrligi artıp barmaqta. Ásirese, súwretlew óneri sabaqlarında bul process jáne de úlken áhmiyetke iye, sebebi bul pán oqıwshınıń ishki dúnyası, qıyalı, sezim tájiriybeleri hám dóretiwshilik qatnası menen tikkeley baylanıslı. Súwretlew óneri arqalı oqıwshı tek súwret salıwdı úyrenip qalmay, al reńler úylesimi, kompoziciya dúziw, forma hám mazmundı anlatıw sıyaqlı kórkem pikirlew elementlerin de iyeleydi. Sol sebepli sabaq procesin dástúriy túsindiriw usılı menen sheklep qoyıw oqıwshılardıń dóretiwshilik potencialın tolıq ashıp bere almaydı. Usı kózqarastan, 5E modeli tiykarında shólkemlestirilgen bilimlendiriw procesi oqıwshını belsendi qatnasıwshı sıpatında tartıwǵa, onı bilimdi tayar halda qabıl etiwshi emes, al erkin oylap tabıwshı subyektke aylandırıwǵa xızmet etedi. Bul model arqalı oqıwshılar sabaq procesinde tek ǵana tıńlawshı emes, al belsendi dóretiwshi sıpatında qatnasadı. Hár bir basqısh olardıń pikirlewin jedellestirip, bilimlerdi tereńirek ózlestiriwge járdem beredi.

**METODOLOGIYA.** 5E modeli zamanagóy bilimlendiriw procesinde keń qollanılıp atırǵan innovaciyalıq pedagogikalıq jantasıwlardan biri

bolıp, ol konstruktivistlik bilim beriw teoriyasına tiykarlanadı. Bul teoriyaga muwapıq, oqıwshı bilimdi tayar formada qabıl etiwshi passiv subyekt emes, al onı óz tájiriybesi, baqlawı hám aktiv ámeliy iskerligi arqalı ashıwshı aktiv qatnasıwshı esaplanadı. Usı tárepten 5E modeli oqıw procesin basqıshpa-basqısh shólkemlestiriw arqalı bilimlerdi tereń hám sanalı ózlestiriwge xızmet etedi. 5E modeli óziniń dúzilisi hám mazmunına qaray bes tiykarǵı basqıshtan ibarat bolıp, hár bir basqısh oqıwshılardıń biliw procesin jedellestiriwge qaratılǵan.

*Engage (Dıqqatt jámlew)* basqıshında oqıwshılardıń dıqqatın temaǵa qaratıw, olardıń qızıǵıwshılıǵın oyatıw hám aldıńǵı bilimlerin jedellestiriw ámelge asırıladı. Bul basqıshta muǵallim hár túrli vizual materiallar, sorawlar yaki mashqalalı jaǵdaylar arqalı oqıwshılardı temaǵa kiriwine tiykar jaratadı.

*Explore (Izertlew)* basqıshında oqıwshılar óz betinshe izleniw alıp baradı, tájiriybe ótkeredi hám jana bilimlerdi tikkeley iskerlik procesinde ózlestiredi. Bul basqıshta muǵallim bagdarlawshı rolin atqaradı, biraq tayar juwap bermeydi.

*Explain (túsindiriw)* basqıshında oqıwshılar óz baqlawları hám juwmaqların bildiredi. Oqıtıwshı bolsa olardıń pikirlerin ilimiy jaqtan durıslaydı, tiykarlaydı hám sistemalastıradı. Bul process bilimlerdiń anıq hám túsinikli formaǵa keliwine járdem beredi.

*Elaborate (keńeytiw)* basqıshı alınǵan bilimlerdi jańa jaǵdaylarda qollanıwǵa qaratılǵan bolıp, oqıwshılardıń dóretiwshilik pikirlewin hám ámeliy kónlikpelerin rawajlandıradı. Bul basqıshta olar óz bilimlerin tereńlestiredi hám bekkemleydi.

*Evaluate (bahalaw)* basqıshında bolsa oqıwshılardıń ózlestiriw dárejesi tallanadı hám bahalanadı. Bahalaw procesi tek ǵana juwmaqlawshı nátiyjeni emes, al oqıw procesindegi belsendilik hám rawajlanıwdı da esapqa aladı.

**NÁTIYJELER HÁM TALQÍLAW.** Ulıwma alganda, 5E modeli oqıwshılardıń biliw iskerligin sistemalı shólkemlestiriw, olardıń erkin pikirlewin rawajlandırıw hám de bilim beriw procesin nátiyjeli hám interaktiv formada alıp barıw imkanın beriwshi áhmiyetli pedagogikalıq qatnas esaplanadı.

Súwretlew óneri sabaqlarında 5E modeli oqıwshılardıń dóretiwshilik qábiletlerin basqıshpa-basqısh rawajlandırıwǵa xızmet etiwshi nátiyjeli pedagogikalıq qatnas esaplanadı. Bul model oqıw procesin jedellestiriw, oqıwshılardı óz betinshe pikirlewge shaqırıw hám de olardıń kórkem kózqarasın keńeytiw imkaniyatın beredi. Súwretlew iskerligi óz tábiyatına qaray dóretiwshilikke tiykarlanǵanlıǵı sebepli, 5E modeliniń hár bir basqıshı oqıwshılardıń estetikalıq qabıllawın qáliplestiriw hám kórkemlik kónlikpelerin rawajlandırıwda ayrıqsha áhmiyetke iye.

*Engage (Dıqqattı jámlew)* basqıshında oqıwshılardıń dıqqatın temaǵa qaratıw hám olardıń qızıǵıwshılıǵın oyatıw tiykarǵı wazıypa esaplanadı. Bul basqıshta muǵallim reńli vizual materiallar, tábiyat kórinisleri, kórkem óner shıǵarmaları yaki turmıslıq súwretler arqalı oqıwshılarda estetikalıq sezim hám baqlawshılıqtı qáliplestiredi. Usı arqalı oqıwshılardıń dóretiwshilik jumısqa bolǵan ishki motivaciyası kúsheyedi.

*Explore (Izertlew)* basqıshında oqıwshılar óz betinshe dóretiwshilik jumısqa tartıladı. Olar súwret salıw, reńlerdi aralastırıw, formalar menen islew yaki hár túrli materiallardan paydalanıw arqalı óz tájiriybelerin bayıtadı. Bul process oqıwshılardıń erkin pikirlewin rawajlandırıp, olarǵa dóretiwshilik erkinlik beredi. Muǵallim bolsa bagdarlawshı hám baqlawshı sıpatında jumıs alıp baradı.

*Explain (túsindiriw)* basqıshı oqıwshılardıń óz dóretiwshilik jumısların talqılaw hám kórsetiw imkaniyatın jaratadı. Olar óz jumısları haqqında pikir bildiredi, ne ushın tap sonday reń yamasa forma tańlaǵanın túsindiredi. Oqıtıwshı bolsa bul proceste kompoziciya, reńler úylesimi, sızıw texnikası hám kórkem súwretlew qurallarınıń ilimiy tiykarda túsindirip beredi, qátelerdi kórsetedi hám durıs baǵdar beredi.

*Elaborate (keńeytiw)* basqıshında oqıwshılardıń dóretiwshilik imkaniyatları jáne de keńeytiledi. Olar aldıńǵı basqıshlarda ózlestirgen bilim hám kónlikpelerin jana temalarda hám quramalıraq dóretiwshilik tapsırmalarda qollanadı. Bul basqısh oqıwshılarda dóretiwshilik erkinlikti kúsheytedi hám kórkem pikirlewdi rawajlandıradı.

*Evaluate (bahalaw)* basqıshında oqıwshılardıń dóretiwshilik jumısları talqılanadı hám bahalanadı. Bahalaw procesi tek ǵana juwmaqlawshı nátiyjeni emes, al dóretiwshilik process, belsendilik dárejesi hám rawajlanıwdı da óz ishine aladı. Bul basqısh oqıwshılarǵa óz jetiskenlik hám kemshiliklerin ańlaw, óz ústinde islew imkaniyatın beredi.

Súwretlew iskerliginde 5E modeliniń qollanılıwı oqıwshılardıń dóretiwshilik oylawın rawajlandırıw, olardı óz betinshe hám belsendi shaxs sıpatında qáliplestiriw hám de kórkem-estetikalıq tárbiyanı nátiyjeli shólkemlestiriwde áhmiyetli pedagogikalıq tiykar bolıp xızmet etedi.

5E modeli tiykarında shólkemlestirilgen súwretlew óneri sabaqları zamanagóy bilimlendiriw talaplarına juwap beretuǵın nátiyjeli pedagogikalıq qatnas sıpatında oqıwshılardıń hár tárepleme rawajlanıwına unamlı tásir kórsetedi. Bul model oqıw procesin jedellestirip, bilimlerdi tayar halda beriw emes, al olardı óz betinshe ashıw arqalı ózlestiriwge imkan jaratadı. Nátiyjede oqıwshılarda tek ǵana kórkemlik kónlikpeler, bálkim jeke pazıyletler de qáliplesedi hám rawajlanadı.

5E modeli tiykarında shólkemlestirilgen súwretlew óneri sabaqları tómendegi pedagogikalıq nátiyjelerdi beredi:

- oqıwshılardıń dóretiwshilik pikirlew qábileti rawajlanadı, olar jańa ideyalardı jaratıw hám kórkem obrazlardı óz betinshe bildiriwge úyrenedi;
- estetikalıq talǵam hám kórkem mádeniyat qáliplesedi, oqıwshılar reńler úylesimliligi, kompoziciya hám gózzallıqtı seziwdi ózlestiredi;
- óz betinshe islew kónlikpeleri kúsheyedi, oqıwshılar tapsırmalardı ózleri rejelestiriw hám orınlawǵa úyrenedi;
- sabaq procesinde belsendilik hám qızıǵıwshılıq artadı, sebebi oqıwshılar processke belsendi qatnasıwshı sıpatında tartıladı;
- oqıwshılar óz pikirin erkin bildiriwge úyrenedi, bul bolsa olardıń kommunikativlik hám dóretiwshilik potencialın rawajlandıradı.

**JUWMAQ.** Súwretlew óneri sabaqlarında 5E modeli tiykarında bilim beriw procesin shólkemlestiriw oqıwshılardıń dóretiwshilik potencialın rawajlandırıwda nátiyjeli pedagogikalıq qatnas sıpatında úlken áhmiyetke iye. Bul model oqıw procesin basqıshpa-basqısh shólkemlestiriw arqalı oqıwshılardıń bilimlerdi óz betinshe ashıwına, dóretiwshilik pikirlewdi jedellestiriwge hám ámeliy jumıs arqalı bilim hám kónlikpelerdi tereń ózlestiriwge imkaniyat jaratadı.

Demek, 5E modeli bilim beriw procesinde oqıwshını passiv tıńlawshı rolidan aktiv dóretiwshi hám óz betinshe pikirleytuǵın shaxs dárejesine alıp shıǵadı.

Bul bolsa óz náwbetinde olardıń kórkem kózqarasın, estetikalıq talǵamın hám dóretiwshilik qatnasın rawajlandıradı. Sonday-aq, model oqıwshılarda belsendilik, intakerlik hám óz pikirin erkin bildiriw kónlikpelerin qáliplestiredi.

Ulıwma alǵanda, 5E modeli tiykarında shólkemlestirilgen súwretlew óneri sabaqları bilimlendiriwdiń sapasın arttırıwǵa, oqıwshılardıń dóretiwshilik imkaniyatların keńeytiwge hám zamanagóy bilimlendiriw talaplarına sáykes kompetenciyalardı qáliplestiriwge xızmet etedi.

**Paydalanǵan ádebiyatlar**

1. Azizxo`jaeva N.N. Pedagogik texnologiya va pedagogik mahorat. -T.: TDPU, 2006.
2. B. Farberman . Ilg`or pedagogik texnologiyalar. T., 2001 yil.
3. M.Maxmudov. Ta`limni didaktik loyihalash. T., 2001 y.